



**ORÈ KOMISYON ELEKTORAL MINISIPAL
DEZYÈM TOU ELEKSYON NORTH MIAMI 3 DESANM 2024**
(Sijè a Chanjman)

Komisyon Elektoral Vil North Miami an va reyini nan Biwo Sipèvizè Eleksyon an, 2700 NW 87th Avenue, Miami, Florida 33172. Komisyon Elektoral la ap reyini nan dat sa yo pou Dezyèm Tou Eleksyon 3 desanm 2024 North Miami an. Pou dènye enfòmasyon sou orè Komisyon Elektoral la, vizite @MDCElections oswa miamidade.gov/elections.

DATE/LÈ	AKTIVITE	PREZANS
Jedi 21 novanm 2024 10:00 a.m.	1. Tès Lojik ak Presizyon sistèm vòt a ekran taktil ak lektè optik la ki pral sèvi pou vòt pa lapòs, bilten vòt biwo vòt yo, ak sistèm odit endepandan otomatize.	Stephanie S. Thomas, Grefye Adjwen Vil la
Lendi 2 desanm 2024 jiska Vandredi 6 desanm 2024 (Esepte 3 desanm)	1. Enspeksyon piblik bilten vòt pou vote pa lapòs (8:00 a.m. rive 8:30 a.m.) 2. Opòtinite chak jou pou kandida, ofisyèl pati politik, ofisyèl komite politik, oswa moun otorize ke yo deziyen pou enspekte bilten vòt pou vote pa lapòs ak materyèl bilten vòt yo (sèlman a kondisyon si yo resevwa yon demann alekri pa pi ta pase 48 èdtan anvan enspeksyon planifye a) (8:30 a.m. rive 9:00 a.m.)	
Lendi 2 desanm 2024 10:00 a.m. jiska Vandredi 6 desanm 2024 (Esepte 3 desanm)	1. Ouvèti ak tretman bilten vòt pou vote pa lapòs (si sa nesèsè) 2. Diplikasyon bilten vòt yo (si sa nesèsè) 3. Pwosis eskane bilten vòt nan sistèm odit endepandan otomatize a (si sa nesèsè)	Tout Manm Komisyon Elektoral la oswa on majorite nan dat 02/12/24: Mary Estime-Irvin, Vis Majistra Kassandra Timothe, Konseyè Stephanie S. Thomas, Grefye Adjwen Vil la
Madi 3 desanm 2024	1. Enspeksyon piblik bilten vòt pou vote pa lapòs (11:30 a.m. rive 12:00 p.m.) 2. Opòtinite chak jou pou kandida, ofisyèl pati politik, ofisyèl komite politik, oswa moun otorize ke yo deziyen pou enspekte bilten vòt pou vote pa lapòs ak materyèl bilten vòt yo (sèlman a kondisyon si yo resevwa yon demann alekri pa pi ta pase 48 èdtan anvan enspeksyon planifye a) (12:00 p.m. rive 12:30 p.m.)	
12:30 p.m.	3. Ouvèti ak tretman bilten vòt pou vote pa lapòs (si sa nesèsè) 4. Diplikasyon bilten vòt yo (si sa nesèsè) 5. Pwosis eskane bilten vòt nan sistèm odit endepandan otomatize a (si sa nesèsè)	Tout Manm Komisyon Elektoral la: Mary Estime-Irvin, Vis Majistra Kassandra Timothe, Konseyè Stephanie S. Thomas, Grefye Adjwen Vil la
5:00 p.m.	6. Depouyman bilten vòt pou vote pa lapòs ke yo prezime envalid (si sa nesèsè)	
7:00 p.m.	7. Tabilasyon rezilta yo 8. Rezilta ki pa ofisyèl	
Vandredi 6 desanm 2024 9:00 a.m.	1. Depouyman bilten vòt pou vote pa lapòs ak bilten vòt pwovizwa (si sa nesèsè) 2. Sètifikasyon rezilta ofisyèl yo 3. Mennen odit apre eleksyon	Tout Manm Komisyon Elektoral la: Mary Estime-Irvin, Vis Majistra Kassandra Timothe, Konseyè Stephanie S. Thomas, Grefye Adjwen Vil la

Samid, dimanch ak jou ferye Konte a obsève yo pa ladan sòf si yo endike otreman.

Manm Komisyon Elektoral la
Mary Estime-Irvin, Vis Majistra
Kassandra Timothe, Konseyè
Stephanie S. Thomas, Grefye Adjwen Vil la

Manm Altènatif
Janai Pomales, Asistan Grefye Vil la
Kyla Estiverne, Kowòdinatè Administratif
Zain Remy, Administratè Biwo Sèvis Jiridik